# ӘЖИНИЯЗТАНЫЎҒА КӨЗҚАРАС

**А.Ж.Утамбетова**

*филология илимлериниң кандидаты, доцент Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институтының үлкен илимий хызметкери*

**Д.А.Пирназарова**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты таяныш докторанты*

Қарақалпақ халқының XIX әсирдеги уллы сөз зергерлериниң бири Әжинияз шайырдың туўылғанына еки әсир толған бүгинги күнде оның дөретиўшилигин изертлеў, тарийхы туўралы азы-кем тоқтаў орынлы болса керек. Оның шығармаларын аўыз-еки түрде халық арасынан жыйнаў, бастырып шығарыў ҳәм изертлей баслаў XX әсирдиң отызыншы жылларынан баслап қолға алынды, шайырдың гейпара қолжазбалары да табылғаны үлкен әҳмийетке ийе болып есапланды ҳәм сөз зергериниң «Қыз Меңеш пенен айтыс»ы сол ўақыттың өзинде баспа сөз бетлеринде жәрияланғанлығы үлкен әҳмийетке ийе. Ал, уллы сөз шебериниң дөретиўшилигин изертлеп бир системаға түсириў ислери илимпаз, Н.Дәўқараевтан баслап профессор Қ.Айымбетов, Н.Жапақов, Б.Исмайлов, Қ.Байниязов, К.Мәмбетов, А.Пирназаров, И.Юсупов, Б.Қәлимбетов, К.Мәмбетов, Б.Генжемуратов, Г.Дәўлетовалар тәрепинен иске асырылғаны көпшилик китап оқыўшыларға белгили болса керек.

Әжинияз дөретиўшилигин бир илимий айланысқа түсирип, ол туўралы басқа қарақалпақ жазба әдебиятының ўәкиллери сыяқлы илимий тарийхый дөретиўшилик портрет дөретип кеткен илимпаз Н.Дәўқараев болды. Ол өзиниң докторлық диссертациясы болған «Революцияға шекемги қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери» (1961) деген монографиясында туңғыш рет қәлем тербетип, жәмийетшиликке шайыр туўралы бир тутас мағлыўмат берип кетти. Оның жазба түрдеги өмирбаянын, ол туўралы туңғыш мағлыўматларын қалдырды, шайырдың өзине тәнлигин белгиледи. Илимпаздың басқа шайырлар қатары бул мийнетиниң Әжинияз туўралы баҳалы, илимий әдебий изертлеўшилик шеберлиги сол, илимпаз тарийхшы шайыр туўралы портретлик жумысты қарақалпақ әдебияттаныў илиминде туңғыш рет эпиграф пенен баслап шайырдың айрықшалығын жазып қалдырыўының өзи үлкен поэтикалық илимий изленис шеберлигин аңлатты.

Мине, бул, әлбетте, биз сөз етип отырған шайыр келбетин, оның дөретиўшилигиниң тийкарын белгилейди. Өйткени әдебияттаныў ҳәм әдебий сынның шеберлигин, оның поэтикасын изертлеўши илимпазлар илимий изертлеўшилик ҳәм әдебий сыншылық поэтиканың баслы шеберлик белгилериниң бир белгиси ретинде әдебиятшы сыншылардың өз дөретпелерине эпиграфлар келтирип, дөретиўшилик шеберлигин айрықша көтериңкилик пенен белгилеўлерин атап өткенлигин айтып өтсек турарлы.

Усы шеберлик белгилериниң бирин қарақалпақ әдебияттаныў илиминиң атасы Н.Дәўқараев өз таланты ҳәм айрықша Әжинияз шайырға ықласы менен қолланылып отырғанын сезиў қыйын емес. Ол шайырдың дөретиўшилик даралығын, оның оригинальлығын туңғыш рет дурыс белгилеп, оларды халық арасынан жыйналған бай материаллар тийкарында дәлийлли пикирлерин төмендегише билдиреди: «Әжинияз араб, парсы, түркмен ҳәм ески өзбек тилин жақсы билди. Фердаусий, Саадий Шеразий, Хафыз, Наўайы дөретиўшилигин жүдә тереңнен өзлестирди. Соның менен қатар түркмен халқының уллы шайыры Мақтымқулы шығармаларын сүйип оқып ҳәм оларды жақсы өзлестирип тәлим алып барды. Әжинияз шайырдың қәлемине Мақтымқулы шығармаларының ең жақсы аўдармалары да тийисли». Бул пикирлер Н.Дәўқараевтың 1951-жылы жақлаған ҳәм өз ўақтында илимий дәрежени рәсмий түрде алып үлгермеген, қуўдалаўларға, айыпсыз унамсыз баҳалаўларға ушыраған докторлық диссертациясында жазылған еди.

Биз егер шайыр туўралы мийнетлерди ўақыт бойынша хронологиялық түрде баҳалаўдан шетлеңкиреп кетсек те соны айтыў керек, Әжинияз туўралы баҳалы пикирлер менен дурыс болжаўлар, салмақлы пикирлер талантлы әдебият тарийхшысы Қ.Байниязовтың «Қосықтың күши» (1977) деген мийнетинде көп ушрасады. Китап мақалалар формасында жазылған болса да, улыўмаластырып түсингенде оларды жәмлеп Әжинияз туўралы бир тутас терең илимий мийнетти, баҳалы болжаўларды көз алдымызға келтиреди. Бул мақалалар цикли мы-

нандай деп аталған: «Әжинияз шайырдың өмири ҳаққында базы бир мағлыўматлар», «Әжинияз шайырдың әдебий орталығы», «Әжинияз шығармаларының жаңа қолжазбасы ҳәм бурын баспа сөзде жәрияланбаған қосықлары ҳаққында…» ҳәм тағы да басқалар булардың барлығы уллы шайыр туўралы илимий мийнет сыпатында бизиң бурынғы билим ҳәм түсиниклеримизди және де байытыўға ҳәм тереңлестириўге алып баратуғыны сөзсиз. Усындай материалларының байлығы, пикирлеў тереңлиги – жаңалықлары менен әдебиятшы Қ.Байниязов өз устазы Н.Дәўқараевтың пикирлерин әдеўир байытты ҳәм толықтырғаны үлкен роль ойлайды.

Бир Әжиниязтаныў илиминдеги ХХ әсирдиң алпысыншы жылларындағы ҳәм оннан бурынғы илимий пикирлер орайы оның «Бозатаў» лиро-эпикалық шығармасының тарийхыйлығы, ондағы тарийхый аласапаранлыққа байланыслы, атап айтқанда усы көзқарастан ондағы жасалған айырым әдебий тарийхый қаҳарманлар әтирапында болды десек қәтелеспеймиз. Мысалы, Әжинияздың поэмасындағы әдебий қаҳарман молла Пирим Пана хан әтирапында көплеген таласлы, қарама-қарсылықлы пикирлер болды. Бул туўралы илимпаз ҳәм шайыр Б.Исмайловтың «1958-59 жыллардағы Қоңырат көтерилиси Әжинияз творчествосында сәўлелениўи» (Әмиўдәрья, 1959) деген мақаласы Әжинияз дөретиўшилигин дурыс, объектив баҳалаўда үлкен роль ойнайды. Бозатаў көтерилисиниң тарийхый әҳмийетин ҳәм оның шайыр дөретиўшилигиндеги, әдебий қаҳарманларындағы тутқан орнын дурыс белгилеўде орайлық шешиўши роль ойнап, оларға дурыс бағдар силтегенлиги сөз етилип отырған Қ.Байниязовтың «Қосықтың күши» мийнетинде де орынлы түрде унамлы баҳаланып қуўатланғанын, олар мектеп сабақлықларынан да орын алғанын айтыўымыз мақул. Атап айтқанда Б.Исмайлов ҳәм Қ.Байниязовлардың айтқаны бойынша «Молла Пирим шайыр менен бир идеядағы адам, бул екеўиниң Бозатаў көтерилисинде басшылық еткенин ҳәм көтерилис қан менен бастырылғаннан соң екеўи де сүргинде болғанлығын белгилеў орынлы» [Әмиўдәрья. 1959.-№10, 83-б.].

Бул пикирлердиң объективлигин Қ.Байниязов өз китабында Т.Жумамуратовтың мынадай қатарларын келтириў менен дурыслықты анықлайды.

Қала басы болдың сен молла Пирим,
Ғәний мәҳрем сениң – кеўлиңде кириң,
Қоңырат баланды алса, ол ҳәм өз бирин,
Душпанларға олжа түстиң, Бозатаў [Байниязов Қ., 1977].

Мине, бул қатарлар менен дурыс пикирлерди Т.Жумамуратов ҳәм Қ.Байниязовлардың анықлаўына баслы себеп, олар Әжинияз шайыр жасаған орталыққа жақын географиялық аралықта туўылып өскен, ол туўралы көп аўызша мағлыўматларды еситкен. Олар соның менен қатар Әжинияздың атынан мынадай:

Қала басы болдың сен молла Пирим,
Өзиң тәлип илим, кеўлиңде кириң.
Қоңырат баланды алса, ол ҳәм өз бирин,
Хош аман бол бизден қалдың Бозатаў!

- деген қатарлар қәте ҳалында Әжинияз шайырдың халық арасында тарқалып надурыс түрде айтылған аўызша нусқа болып есапланар екен. Ал бул қатарлар «кеўлиңде кириң» яғный жаманлық етиў, Қоңырат пенен Бозатаўдың тоналыўына, инсанлардың азап ақыретлер көриўине себепши болыў пикири Н.Дәўқараевтың «Революцияға шекемги қарақалпақ әдебияты тарийхы» китабында да сол турысында жәрияланыўы өкинишли екенлиги Қ.Байниязовтың мийнетинде дурыс анықлық пенен белгиленген. Солай етип Қ.Байниязов Бозатаўдың тоналыўы менен көтерилистиң қан менен бастырылып, көплеген инсанлар тәғдириниң азап-ақыретте болыўына Ғәний мәҳрем ҳәм Досым бақсылар халыққа қыянет етип, Хийўа ханы нөкерлери менен түркмен баспашыларына сатқынлық пенен жәрдем берип Бозатаўдың нағыз қаҳарман жигитлери Маштақ батыр, Жазлықбай батыр, Жәменей батыр, Жумағул сейит, Қәлмен сейит сыяқлы халық азаматларының қурбан болыўына себепши болған [Байниязов Қ., 1977, 75-б.]. Бул пикирлерди әдебиятшы Қ.Байниязов шайыр дөретиўшилиги туўралы аўызша материаллар жыйнаўшы Г.Есемуратов, Г.Сейтназаров, Б.Исмайлов, А.Каримовлардың дала жазыўларына тийкарланып пикир билдирген ҳәм бул жазыўлар ҳәзирги Илимлер академиямыздың қол жазбалар қорында сақлаўлы екенлиги айтылған. Илимпаз Қ.Байниязов тағы да өзиниң «Әжинияз шайыр ҳаққында аңыз әңгимелери» [Ә, 1993] деген мақаласында Бозатаўдың тарийхый әҳмийети менен ондағы шайыр сүўретлеген принциплер менен жазыўшы илимпаз К.Мәмбетовтың «Бозатаў» романында тарийхый шынлық ҳәм көркем образлар жаратыў принциплери менен салыстырып, жа-

зыўшы жетискенликлеринен гөре тарийхый шынлықты бурмалаўшылықларын, Әжинияз шайырдың өмири менен орталығы туўралы объективликти анықлап, К.Мәмбетов тәрепинен жоқарыда атлары көрсетилген халық батырларының трагедиясы дурыс ашылғанын, бирақ Әжинияздың өмири, оның сәўги-мухаббаты менен ашықлығы, өмири туўралы надурыс образ берип жазғанлығын айтады.

Әжинияз шайыр туўралы өткир, объектив ҳәм образлы поэтикалық көз-қараслардан шебер пикирлер әжайып шайыр И.Юсуповтың «Дала Орфейи» деген мақаласында билдирилген. Мақала Әжинияз шайырдың топламының алғы сөзи ретинде жәрияланып ол мынандай қосық қатарлары менен басланғанын шайыр илимпаз И.Юсуповтың өз устазы Н.Дәўқараев сыяқлы өткир пикирлерге ийе болғанлығын, илимий сыншылық ойлаў поэтикасына ерискенин аңлатып турғаны анық.

Сәнемлер қолында тиллә саз едим,
Ҳәўижге келтирер жәнан болмады.
Туғырымда талпынған алғыр баз едим,
Қәлпе-сәйядларым маман болмады. [Әжинияз, 1988].

Солай етип шайыр-илимпаз ретинде И.Юсупов әййемги грек мифологиясында әжайып сәзенде Орфей деген кисиниң өз сүйиклигин жылан шағып өлтиргенде оны о дүнья менен бул дүньяны да ләрзеге келтирип, қудайды да қайыл қалдырып, өз сүйиклисин тирилтип алып келген мифти еске түсирип, қарақалпақ шайырының қүдирет талантын усыған мегзетеди, эпиграфты да усыған сәйкес ойларға бағдарлайды.

Шайыр әдебиятшы сыпатында И.Юсуповтың пикирлерин келтирип оның жоқарыдағы айтылған Бозатаўдың тарийхыйлығы мәселесине анықлық киргизиў әҳмийетин айтып өтсек орынлы болар еди. Шайыр әдебиятшы былай жазады: «Пана хан бир қулағы менен Хийўа ханын, екинши қулағы менен Түркменлердиң ханы Атамураттың сөзлерин, ақыл кеңеслерин тыңлап турақсызлық етти». И.Юсуповтың дурыс айтқанындай Пана ханның турақсызлығы, беккем принципте болмаўы ҳәм Оренбург генерал губернаторы сораўға жуўап ретинде А.Бугаков басшылығындағы рус елшилигине дурыс қатнас жасамаўы Қоңырат көтерилисиниң жеңилип, Бозатаўшылардың пүткиллей қырғынға ушырап, ўайран болыўы нәтийжесинде халық традегиясына алып келген. Усы тарийхый ҳақыйқатлық Әжинияздың поэмасында ҳәм И.Юсуповтың мақаласында дурыс көрсетилген. Буған бүгинги күнлери тағы да (Пана ханға байланыслы…) шайыр ҳәм жазыўшы К.Каримовтың «Дәрўиш» романы және анықлық киргизеди деп ойлаймыз.

Өткен әсирдиң жетписинши жылларынан кейин Әжинияз шайыр туўралы арнаўлы мийнетлер, кандидатлық диссертациялар жазылып, әдебиятшы илимпазлар Ә.Пирназаров, Б.Қәлимбетов, А.Пирназаров, К.Мәмбетов, Б.Генжемуратов, Г.Дәўлетовалардың монографиялары жарық көрди. Олардың арасында әдебиятшы Ә.Пирназаровтың «Мастерство Ажинияза» (1983) деген монографиясы үлкен әҳмийетке ийе болып, китап илимпаздың кандидатлық диссертациясының жуўмағы еди. Ә.Пирназаров диссертациялық жумыстың жуўмақлаўшы пикирлери ретинде Әжинияз шайырдың оригиналлығын оның лирикасының музыкаллығы менен шайыр импровизаторлығын, төкпе шайырлығын, оның поэтикалық шеберлик сырларын, сөз зергериниң улыўма Шығыс поэзиясы, Мақтумқулы лирикасы менен байланысларын, Қыз Меңеш пенен айтысының идеялық эстетикалық баҳасын биринширлерден болып терең ҳәм арнаўлы изертлеп жүдә әжайып түрде өз ойларын ортаға салған. Соның менен бирге шайырдың «Бозатаў» шығармасының халық аўызша нусқаларының жүзеге келиўи – бул сөзсиз түрде Әжинияз шайырдың әжайып талантын, оның дөретиўшилигин халықлық принциплериниң тереңлигин, эстетикалық мәдениятының жүдә нәзик ҳәм қубылмалы музыкалылығы, сазға бейимлигин аңлатады деген пикирлерди тереңлестирип бай, анық фактлер менен айтқан Ә. Пирназаров болды. Ә.Пирназаров ретли орынларда шайыр лирикасын атақлы рус шайырлары, рус илимпазларының пикирлери эстетикасы менен салыстырып отырып өз әдебий эстетикалық ойларын тереңлестириўге ерискенин айтыў орынлы. Әсиресе, илимпаз Ә.Пирназаровтың қарақалпақ шайырын Мақтумқулы лирикасы менен салыстырыўлары жүдә сәтли шыққан, ол Әжинияздың түркмен шайырынан өзгешеликлеринен ашып берген, аўдармаларының табыслы шыққанлығын, гейпара илимпаз әдебиятшылар Әжиниязға тийисли деп жүрген қосықлардың қарақалпақ шайырының түркмен шайырынан аўдармалар екенлигин биринширлерден болып дәлийллеп берди.

Әжинияз туўралы арнаўлы мийнетлер жазып қалдырған Б.Қәлимбетовтың «Әжинияз лирикасы» атлы монографиясының қарақалпақ ҳәм рус тиллеринде басылып шыққан монографияларында кандидатлық диссертациясында да итибарға ылайық салыстырмалы типологиялық пикирлер баршылық, ол мийнетинде Ә.Пирназаровтың китабындағы ойларды тәкрар-

ламаған ҳалда бир неше әдебий пикирлерин ортаға салады. Әжинияздı тек ғана Мақтумқулы емес, ал Наўайы, түркмен шайыры Андалип ҳәм тағы басқалар менен салыстырып, қарақалпақ шайырының өзиншеликлериниң дүньятанымының типологиясын ашады. Қарақалпақ әдебияты менен Шығыс халықларының әдебий байланысларын жетик изертлеўшиси К.Мәмбетов та «Әжинияз» (1994) деген мийнетин «очерк – монография» деп атап, бурыннан айтылып киятырған пикирлерди толықтырып, өз ойларын ортаға салып оны үйрениўди айқынласыў мақсетлерин, шайыр лирикаларын бир неше тематикаларға бөлип изертлегенлиги, «Демишлер» атлы дөретпесин шайырдың өзинше «Шежире» дөретиўшилик шеберлиги деп есапланған. Белгили әдебиятшы сыншы К.Жәримбетовтың «Ашық Зийўар» (Нөкис, «Билим», 1998) деген китапшасында шайыр туўралы жаңаша ойлар билдирилгенлиги итибарға ылайық. Оның пикиринше Әжинияз диний, исламий, суфистлик лирика дөретиўде Хожа Ахмет Яссаўий жолын пайдаланыўшылардың қатарына жатады. Илимпаздың пикиринше бурын көпшилик тәрепинен муҳаббат лирикасы деп баҳаланып жүрген «Гөззаллар», «Шықты жан», "Пир пәрий» ҳәм тағы басқа қосықларды суфистлик лириканың үлгиси сыпатында шайыр ҳаял қызларға ашықлық емес, ал құдиретли Алла жамалын көрмеге ашықлық, оның елеси сыпатындағы әдебий лирикалық образ деп есаплайды, бул пикирлерин бир неше әдебий илимий пикирлер салыстырмалылығы менен тастыйқлаған болады.

Ал шайыр илимпаз Б.Генжемуратовтың мийнетлеринде Әжинияз шайыр лирикасында қолланылған троплардың әҳмийети, Г.Дәўлетованың «Әжинияз шайыр лирикасындағы дәстүр ҳәм жаңашыллық» мийнетинде оның Шығыс поэзиясы диний философиялық лирика ҳәм тағы басқалар менен дәстүрий байланыслары көплеген фактлер байлығы менен талланады. Илимпаз Айымқул Пирназаровтың мийнетлеринде болса шайыр лирикасында қолланылған көп түрли усыллар, троплар ҳаққында кеңнен сөз етеди.

Улыўмаластырып айтқанда Әжинияз шайыр дөретиўшилигин анықластырып терең илимий теориялық таллаўлар ислеў, оның өмирине байланыслы дәреклерди айқынластырыў, бүгинги қарақалпақ әдебияттаныў илиминиң зәрүрли ўазыйпасы. Шайыр дөретиўшилигин еледе тереңлестирип үйрениў, изертлеў объектине айландырыў ҳәм оны келешек жас әўладқа дурыс, анық түсиндириў ҳәзирги күнниң ең актуаль ўазыйпасы болып есапланады.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. «Әмиўдәрья». Нөкис, 1959-ж №10. 83-б.
2. «Әмиўдәрья» Нөкис, 1993-ж №1. 87-б.
3. «Әжинияз». Таңламалы шығармалары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988.
4. Байниязов Қ. «Қосықтың күши». Қарақалпақстан. 1972. 74-75-бб.